www.prepp.in



# मैथिली

## प्रश्न-पत्र–I

## ( साहित्य )

| समय : तीन घंटा | पूर्णाङ्क : 250 |
|---|---|

**प्रश्न-पत्र विषयक विशेष निर्देश**

**प्रश्नक उत्तर लिखबाक पूर्व कृपया निम्नलिखित निर्देशकें सावधानीपूर्वक पढ़ि लियऽ**

एतय दू खण्ड (Section)मे विभक्त कुल **आठ** प्रश्न अछि।

अभ्यर्थी कुल **पाँच** प्रश्नक उत्तर देथि।

प्रश्न संख्या **1** तथा प्रश्न संख्या **5** अनिवार्य अछि। शेष प्रश्नमेसँ **तीन** प्रश्नक उत्तर लिखू, जाहिमे प्रत्येक खण्ड (Section)सँ कम-सँ-कम **एक** प्रश्नक चयन आवश्यक अछि।

प्रश्न/खण्डक निर्धारित अंक ओकरा समक्ष निर्दिष्ट कयल गेल अछि।

उत्तर **मैथिलीमे** लिखब अनिवार्य अछि।

जतय निर्दिष्ट हो, शब्द-सीमाक अनुपालन अपेक्षित अछि।

उत्तरित प्रश्नक गणना क्रमानुसार कयल जायत। यदि काटल नहि गेल हो, तँ अंशतः लिखित उत्तरोकें गणना कयल जायत। प्रश्न-सह-उत्तर पुस्तिकाक कोनो रिक्त पृष्ठ अथवा कोनो पृष्ठक रिक्त भागकें अवश्य काटि दी।

# MAITHILI

## PAPER—I

## ( LITERATURE )

| Time Allowed : Three Hours | Maximum Marks : 250 |
|---|---|

**QUESTION PAPER SPECIFIC INSTRUCTIONS**

**Please read each of the following instructions carefully before attempting questions**

There are EIGHT questions divided in two Sections.

Candidate has to attempt FIVE questions in all.

Question Nos. **1** and **5** are compulsory and out of the remaining, THREE are to be attempted choosing at least ONE from each Section.

The number of marks carried by a question/part is indicated against it.

Answers must be written in MAITHILI.

Word limit in questions, wherever specified, should be adhered to.

Attempts of questions shall be counted in sequential order. Unless struck off, attempt of a question shall be counted even if attempted partly. Any page or portion of the page left blank in the Question-cum-Answer Booklet must be clearly struck off.

www.prepp.in

Prepp
Your Personal Exams Guide

## SECTION—A

**1.** निम्नलिखित विषय पर टिप्पणी लिखू (लगभग *150* शब्द तक) : 10×5=50

*(a)* तिरहुता लिपिक विकासक प्रक्रिया

*(b)* मैथिली ओ आसामी भाषाक परस्पर सम्बन्ध

*(c)* सोदाहरण सर्वनामक परिभाषा

*(d)* मैथिली भाषाक विकासमे अवहट्ठक योगदान

*(e)* आर्य भाषा परिवार

**2.** *(a)* भारोपीय भाषा परिवारमे मैथिली भाषाक स्थान निरूपित करू। 20

*(b)* वर्तमान मैथिली भाषाक 'स्वरूप' ओ 'विकासक प्रक्रिया'क व्याख्या करू। 15

*(c)* मागधी भाषाक महत्त्व पर प्रकाश दिअ। 15

**3.** *(a)* मैथिली भाषाक 'आदिकाल' आ 'मध्यकाल'क प्रसंग विस्तारसँ विचार करू। 20

*(b)* 'योगात्मक' आ 'अयोगात्मक' भाषा आकृतिमूलक भाषाक भेद अछि—स्पष्ट करैत उपादेयता पर चर्चा करू। 15

*(c)* मैथिली भाषाक विशेषताक विस्तृत विवेचना करू। 15

**4.** *(a)* 'भाषा' आ 'बोली'मे अन्तर स्पष्ट करू। 20

*(b)* 'मैथिली भाषाक प्राचीनता' पर स्पष्ट मंतव्यक संग अपन विचार प्रस्तुत करू। 15

*(c)* 'मध्यकालीन मैथिलीक उपभाषा' सभक विस्तृत विवरण प्रस्तुत करू। 15

## SECTION—B

**5.** निम्नलिखित विषय पर टिप्पणी लिखू (लगभग *150* शब्द तक) : 10×5=50

*(a)* चर्यापद

*(b)* सामा चकेवा

*(c)* मिथिला मिहिर

*(d)* मैथिलीक लोक-साहित्य

*(e)* चन्दा झा

www.prepp.in

6. *(a)* 'मैथिली नाटकक विकास'मे 'नेपाल'क योगदानक चर्चा करू। 20

*(b)* मैथिली साहित्यक विकासमे 'मिथिलाक सामाजिक आ आर्थिक व्यवस्था' प्रमुख रहल अछि—प्रमाणित करू। 15

*(c)* मैथिली साहित्यक उद्‌गम ओ विकास, लोक-साहित्यक रूपमे भेल अछि—प्रमाणित करू। 15

7. *(a)* विद्यापतिक गीतक रोचकता आ स्वाभाविकता समाजकेँ आकर्षित कएलक—प्रमाणित करू। 20

*(b)* राजकमलक रचना सामाजिक यथार्थ पर आधारित अछि—अपन मंतव्य दैत प्रमाणित करू। 15

*(c)* मैथिली कथा साहित्यमे शोषित-दलितक प्रवेशसँ साहित्यक रोचकता बढ़ि गेल अछि—प्रमाणित करू। 15

8. *(a)* मैथिली गद्यक विकासमे पत्र-पत्रिकाक योगदान पर चर्चा करू। 20

*(b)* नव कविताक विकासक रूपरेखा प्रस्तुत करू। 15

*(c)* मध्यकालीन मैथिली नाट्य साहित्यक समीक्षात्मक विवरण उपस्थापित करू। 15

★ ★ ★